

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang Masalah**

Manusa mangrupakeun mahluk sosial anu moal leupas tina prosés komunikasi. Tangtu waé dina komunikasi téh merlukeun pakakas nya éta basa. Basa miboga fungsi pikeun nepikeun maksud jeung tujuanana dina ngedalkeun pikiran, gagasan jeung perasaan boh ku cara lisan boh ku cara tulisan. Ku kituna basa mangrupa hal anu penting pikeun campur gaul dina kahirupan sapopoé. Hal ieu teh luyu jeung pamadegan Keraf (1980:16) anu nyebutkeun yén basa, nya éta alat komunikasi antar anggota masarakat, mangrupa sora anu dihasilkeun ku alat ucapan manusa. Salian ti éta basa ogé mangrupa alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa diwangun ku réntétan sora nu geus ditangtukeun éntep seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Wirakusumah & Djajawiguna, 1969:5). Tapi numutkeun pamadegan Sudaryat (1991:1) mah basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntep seureuhna (sistematis) tur ragam (konvénisional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Basa téh dipaké ku manusa pikeun alat komunikasi atawa patali marga di antara anggota masarakatna. Dina hal ieu, basa téh miboga fungsi utama jadi

alat komunikasi. Dina enas-enasna, komunikasi téh nepikeun pesan (rasa, pikiran, jeung kahayang) ti pangirim (panyatur atawa panulis)ka panampa (pamiarsa atawa pamaca) ngaliwatan médium basa (Sudaryat,2004:10).

Basa téh diwangun ku dua lapisan, nya éta lapisan wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua tahap, nya éta wangun gramatik (katata basaan) nu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap jeung morfém; fonologi anu ngawengku engang, foném jeung sora. Lapisan eusi mangrupa harti atawa ma'na (Sudaryat,1991:6).

Bagian wangun gramatik disebut sintaksis anu maluruh atawa nalungtik, jeung medar sistem ngawangun kontruksi sintaksis (wangun-wangunna atawa adegan-adegan anu aya dina widang sintaksis) katut patalina antarkontruksi sintaksis téa. Sintaksis téh maluruh sakumna patali gramatik antarkontruksi sintaksis anu disebut kalimah jeung wacana, nya éta patali gramatik antarkecap, antarfrasa, antarklausa, jeung antarkalimah.

Salah sahiji bahan panalungtikan téh nya éta dicokot tina tataran sintaksis ngeunaan frasa. Sakumaha anu disebutkeun ku Verhar (1987: 97) yén analisis frasa pasti kaasup kana widang sintaksis sabab ngalibetkeun hubungan antar kecap, sok sanajan dina kontituén anu kawatesanan. Prawirasumantri (1990: 50) nyebutkeun frasa nya éta hiji kontruksi gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu henteu prédikatif, anu nyicingan hiji fungsi dina kalimah atawa klausa.

Ulikan frasa téh nyoko kana rupa-rupa widang saperti warna,tipe, adegan jeung harti.

- (a) Disawang tina tipena atawa sasaruan distribusina jeung unsur-unsur pangwangunna, frasa aya dua rupa nya éta:
- 1) Frasa éndoséntris nya éta frasa anu distribusina atawa paripolah sintaksisna sarua jeung salasahiji atawa sakabéh unsurna. Frasa éndoséntris ngawengku frasa koordinatif, apositif, atributif, objéktif, jeung konéktif.
  - 2) Frasa éksoséntris nya éta frasa anu distribusina atawa paripolah sintaksisna henteu sarua jeung sakabéh unsurna. Frasa éksoséntris ngawengku frasa pangantét, panyambung jeung gaganti panyambung.
- (b) Disawang tina warna kecap, aya frasa barang, pagawéan, sifat, bilangan, pangantét, jeung keterangan.

Panalungtikan ngeunaan frasa kaitung langka, panalungtikan frasa di antrana waé, “Frasa dina *Lembur Singkur* pikeun Bahan Pangajaran di SMU” (Ade Suparna, 1984), “Analisis Frasa dina Carpon *Di Cindulang Aya Kembang* katut Modél Pangajaran pikeun SPG” (Widiati, 1988), “Metode Inquiry dina Kgiatan Diajar Ngajar Frasa Basa Sunda di SMA” (Sunandangria, 1991), “Frasa Dina Carpon *Kasilib* Pikeun Bahan Pangajaran Frasa di SMU” (Neni Masithoh Nurbaiti, 1996), “Frasa Pangantét Dina Novel *Kembang Rumah Tangga* karya Tjaraka jeung Model Bahan Pangajaran Di SMU” (Ika Damayanti, 2002), “Analisis Frasa Pagawéan dina Novel *Pangéran Kornel* karangan R. Memed Sastrahadiprawira” (Sunartin, 2003), “Frasa Sifat dina

novel Sanggeus *Halimun Peuray* karangan Aam Amilia” (Sri Rohmawati, 2003), “Adegan Frasa Koordinatif dina Novel *Patepung Di Bandung* karangan Taufik Faturachman” (Elin Lindaningsih, 2004), Frasa Bilangan Dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata” (Eka Resmiati, 2005), “Frasha Atributif Dina Kumpulan Carpon Mini Pulpen *Tepi Ka Pajaratan Cinta*” (Iis Herlina, 2005), Frasha Atributif Barang Dina Novel Budak Teuneung Karangan Samsoedi (Rinrin Mardiani, 2006).

Tina keterangan anu geus diébréhkeun diluhur, panalungtikan ngeunaan frasa memang geus aya, tapi medar perkara frasa dina wengkuan anu leuwih lega, anu ditilik tina jihat tipe, warna, adegan, jeung harti. Aya anu medar husus frasa pangantét ditilik tina adegan, jeung harti. Oge perkara frasa bilangan anu disawang tina jihat tipe, adegan jeung harti. Kitu deui aya anu geus medar perkara frasa atributif anu di jerona leuwih dihususkeun deui kana frasa atributif sipat jeung barang.

Sedengkeun dina ieu panalungtikan mah, anu dipaluruh téh perkara frasa barang jembar, anu beda jeung panalungtikan anu enggeus aya. Ieu panalungtikan dicokot tina novel Kalajengking karangan Anna Mustikaati.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Dumasar kana papasingan frasana, frasa barang bisa ditilik tina jihat distribusina, adegan, fungsi, katut patali hartina.

Ku sabab ambahanana kawilang lega, ieu panalungtikan téh

diwatesanan kana frasa barang jembar wungkul, anu dipedar tina jihat hubungan gramatik antarunsur frasa barang jembar, adegan frasa barang jembar, jeung patali harti antarunsurna frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Frasa barang jembar naon waé nu kapanggih dumasar hubungan gramatis antarunsurna dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati?
- b. Kumaha adeganana éta frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati?
- c. Kumaha patali harti antarunsurna frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati?

### **1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh mibanda tujuan pikeun ngadéskripsiéun frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati. Déskripsina ngawengku

- a. hubungan gramatik antarunsurna frasa barang jembar,
- b. adegan frasa barang jembar, jeung

- c. patali harti antarunsurna frasa barang jembar.

### **1.3.2. Mangpaat Panalungtikan**

Hasil tina ieu panalungtikan ngeunaan frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati téh miboga mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

**Sacara teoritis**, ieu panalungtikan aya mangpaatna pikeun ngeuyeuban paélmuan tata basa tur kamekaran élmu pangaweruh dina widang tata basa Sunda, nya éta dina tataran sintaksis hususna frasa barang jembar, kusabab frasa barang jembar mangrupa frasa barang anu unsurna leuwih ti dua kecap, anu memang can aya buku anu medalkeun ngeunaan frasa barang jembar.

**Sacara praktis**, ieu panalungtikan aya mangpaatna pikeun sababaraha hal di antarana waé, katitén saperti di handap ieu.

- a. Méré wawaran ka masarakat ngeunaan frasa barang jembar anu aya dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati.
- b. Salah sahiji tambahan pikeun bahan pangajaran basa, hususna basa sunda.

### **1.4. Anggapan Dasar**

Ieu panalungtikan téh dumasar kana anggapan dasar saperti di handap ieu.

- a. Frasa kaasup kana ulikan dina tataran sintaksis.

- b. Frasa barang jembar aya dina ragam basa sastra atawa ragam basa non sastra.
- c. Dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati kapanggih frasa barang jembar, anu bisa dianalisis tina hubungan gramatik antarunsurna, adegan, jeung patali hartina antarunsurna.

### **1.5. Raraga Tiori**

Tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan dumasar kana sababaraha acuan, di antarana waé, *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1991), *Élmuning Basa* (Yayat Sudaryat, 2004), *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumantri, 2000), *Sintaksis* (Ramlan, 2001), *Kamekaran, Adegan, Jeung Kandaga Kecap Basa Sunda* (Prawirasumantri, 2000), *Tata Basa Sunda Kiwari* (Yayat Sudaryat, spk, 2007), jeung *Tata Bahasa Indonesia* (Keraf, 1980).

### **1.6. Métode jeung Téhnik Panalungtikan**

#### **1.6.1. Métode Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan baris digunakeun métode déskripsi. Ari unsur anu didéskripsikeun téh nya éta sakumna frasa barang jembar dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati.

#### **1.6.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik dokuméntasi jeung téhnik observasi dina novel *Kalajengking* karangan Anna

Mustikaati, ari ngolah datana maké téhnik analisis téks. Pakakas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun datana nya éta sistem kartu data.

### **1.7. Sumber Data**

Anu jadi sumber datana dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh frasa barang jembar anu aya dina novel *Kalajengking* karangan Anna Mustikaati.

